# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–14 अक्टूबर 2025 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ दिवाली के तिउहार पर राज्य करमचारियन के वित्तीय बरिस दुइ हजार चउबीस–पचीस खातिर बोनस दिहले क घोसणा कइले हवें। येह फैसिला से प्रदेस सरकार क करीब चउदह लाख बेयासी हजार करमचारी लाभ पइहें, जेहपर करीब एक हजार बाइस करोड़ रूपिया खरचा होई। वेतन मैट्रिक्स लेवल–आठ ले क करमियन के तीस दिन क परिलब्धियन के आधार पर हर करमचारी के छौ हजार नौ सौ आठ रूपिया ले क बोनस मिली। मुख्यमंत्री एगो सोसल पोस्ट में ई जनकारी देत बतवलें कि करमचारियन क निस्ठा, मेहनति अउर जोगदान खातिर प्रदेस सरकार क एगो उपहार बा। उहां के निरदेस दिहलीं कि पात्र करमचारियन के बोनस क भुगतान समय से कइल जाव जवने से सज्जो परिवार येह परब के हंसी–खुसी के साथे मना सकें। मुख्यमंत्री कहलें कि प्रदेस के प्रगति में सरकारी करमचारियन क खास भूमिका हौ अउर सरकार हर स्तर पर उनके कल्याण बदे प्रतिबद्ध बा।

**********

गृहमंत्री अमित शाह अजोध्या में एनएसजी हब बनवले क घोसणा कइले हवें। हरियाणा के मानेसर में राष्ट्रीय सुरक्षा गार्ड–एनएसजी क एकतालीसवां स्थापना दिवस पर आयोजित समारोह के सम्बोधित करत श्री शाह कहलें कि एनएसजी देस में संगठित अपराध अउर आतंकवाद से निपटले में आगे रहल हौ। उहां के कहलीं कि राष्ट्रीय सुरक्षा गार्ड उत्तर प्रदेश के अजोध्या में एगो केन्द्र स्थापित करी। श्री शाह कहलें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुआई में सरकार आतंकवाद बदे जीरो टॉलरेंस क नीति अपनवले हवे। उहां के कहलीं कि देस के आतंकवादी खतरा से बचावे बदे कई गो कदम उठावल गइल हौ। येह कार्यक्रम के दौरान श्री शाह विशेष अभियान प्रशिक्षण केन्द्र क नेइ धइलें। उहां के कहलीं कि ई केन्द्र आतंकवाद से निपटे बदे उन्नत ट्रेनिंग देई।

***छह हब अब तक एनएसजी के बन चुके है मुंबई, चेन्नई, कोलकाता, हैदराबाद, अहमदाबाद, जम्मू टास्क फोर्स और अब अयोध्या में भी बनने जा रहा है। ये छह जगह पे एनएसजी के कमांडो 365 दिन 24 घंटा तैनात रहेंगे। उनके लिए वो सेंटर से ईद–गिर्द का एक जोन तय कर लिया जाएगा और वो स्पेशल कम्पोजिट ग्रुप वो जोन पर आने वाले किसी भी अकस्मात आतंकी हमलों को मुंहतोड़ जवाब देने के लिए हमेशा उपलब्ध रहेंगे।***

**********

केंद्रीय रेल, सूचना अउर प्रसारण, इलेक्ट्रॉनिकी आ सूचना प्रौद्योगिकी मंत्री अश्विनी वैष्णव आजु वीडियो कॉन्फ्रेंस के जरिया से लखनऊ मण्डल में सोनिक गुड्स शेड पर देस क पहिला 'डोर–टू–डोर लॉजिस्टिक्स सेवा' क सुभारम्भ कइलें। ई सेवा कंटेनर कॉर्पोरेशन ऑफ इंडिया लिमिटेड–कॉन्कर के ओरि से चलावल जाई। ई परियोजना सुरू में दुइ बरिस खातिर मंजूर कइल गइल हौ, जेहके जरूरति के हिसाबि से दुइ बरिस के अउरियो समय खातिर बढ़ावल जा सके ला।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी जीएसटी बचत उत्सव क घोसणा पछिला महिन्ना के बाइस तारीख के कइले रहलें। एकर लाभ पूरा देस के मिलि रहल बा। जीएसटी सुधारन क सकारात्मक परभाव पर एगो रिपोर्ट–

***नया जीएसटी सुधारन से कारीगरन, किसानन अउर पर्यटन उद्योग के बढ़ावा मिलि रहल हौ। जीएसटी दर कम भइले से पारंपरिक आ क्षेत्रीय उत्पाद अब ढेरे किफायती हो गइल बा, जेहसे स्थानीय उत्पादन के बढ़ावा मिलि रहल हौ। जीएसटी में येह बदलाव से आदी, हरदी, बांस अउर फल जइसन पैकिट में बन्द आ प्रसंस्कृत समानन पर कर क दर अठारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी हो गइल बा। जीएसटी में कटउती से स्थानीय समान सस्ता भइल हौ अउर ग्रामीण आ अर्ध सहरी इलाकन में रोजिगार के बढावा मिलल हौ। एकरे सथहीं पचहत्तर सौ रूपिया तक ले क होटल में रहले पर पांच फीसदी जीएसटी लगले से अब पर्यटन क्षेत्र के बढ़ावा मिली। आकाशवाणी दिल्ली से इशानी, सौम्या अउर दिलनशी आरजू के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

श्रम अउर सेवा योजन विभाग के ओरि से गोरखपुर क मदनमोहन मालवीय प्रौद्योगिकी विश्वविद्यालय में आजु से दुइ दिन क रोजिगार मेला क आयोजन कइल गइल बा। येह मेला में प्रदेस भर से आ रहल पात्र अभ्यर्थी कुलि दस हजार छौ सौ पचपन पद खातिर आपन पंजीकरण करा रहल हवें। एहमें कंस्ट्रक्सन वर्कर, सुपरवाइजर, फोरमैन आ बस ड्राइबर जइसन कई गो पद सामिल हौ।

**********

सूचना अउर प्रसारण मंत्रालय क केंद्रीय संचार ब्यूरो के ओरि से आजु लखनऊ में सेवा, सुसासन आ गरीब कल्याण क इग्यारह बरिस पूरा भइले पर पांच दिन क फोटो परदरसनी क आयोजन कइल गइल हौ। डॉक्टर शकुन्तला मिश्रा राष्ट्रीय पुनर्वास विश्वविद्यालय में लागल ई परदरसनी अठारह अक्टूबर ले चली। परदरसनी क उद्घाटन प्रगतिसील किसान अउर पद्मश्री से सम्मानित राम शरण वर्मा कइलें। येह मौका पर केन्द्रीय संचार ब्यूरो क निदेसक मनोज कुमार आम लोगिन से परदरसनी के देखले क निहोरा कइलें। येह मौका पर सांस्कृतिक कार्यक्रम, भासण, गोस्ठी, वक्तव्य आ कई तरह क प्रतियोगिता आयोजित कइल जा रहल बा।

**********